

# GRIP H1N1 VAKSEN 2009

**A-VIRIS VIVAN, ATENYE**  
(vaksen sou fòm espere pou nen)

**SA W DWE KONNEN**

Gen plizyè Rapò sou Enfòmasyon Vaksen ki disponib nan lang panyòl ak nan lòt lang. Al gade nan [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis).

## 1 Kisa ki rele grip H1N1 2009 la ?

Se yon nouvo souch viris grip ki koze grip H1N1 2009 la (yo rele l pafwa Grip Pòsin). Li gaye nan plizyè peyi.

Menm jan ak lòt viris grip, H1N1 2009 la pase de yon moun a yon lòt, lè moun nan touse, estènye, e defwa lè moun yo manyen objè ki kontamine ak viris la.

Men kèk nan sentòm ki prezante pou endike H1N1 2009 la :

- fatig
- lafyèv
- malgòj
- doulè nan misk
- frison
- tous
- estènye

Gen sèten moun ki gen dyare ak vomisman tou.

Pifò moun yo santi yo mye sou yon semenn. Men gen kèk moun ki pran nemoni oswa ki vin gen lòt maladi grav. Gen sèten moun ki oblije entène lopital e gen delòt ki mouri.

## 2 Ki diferans ki genyen ant H1N1 2009 la ak grip nòmal (pandan sezon lagrip) ?

Viris grip pandan sezon lagrip chanje chak ane, men yo rapwoche anpil youn ak lòt.

Anjeneral, moun ki te gen enfeksyon grip anvan gen kèk iminite kont viris grip pandan sezon lagrip (kò yo vin fòme kèk kapasite pou konbat viris yo).

Viris grip H1N1 2009 la se yon nouvo souch viris. Li diferan anpil de viris grip pandan sezon lagrip la.

Pifò moun gen yon ti iminite oswa pagen okenn iminite ditou kont grip H1N1 2009 la (kò yo pa pare pou konbat viris la).

## 3 Vaksen kont grip H1N1 2009 la

Vaksen yo la pou pwoteje kont grip H1N1 2009 la.

- Vaksen sa yo fèt egzakteman menm jan ak vaksen kont grip pandan sezon lagrip yo.
- Yo prevwa vaksen sa yo pral bay menm pwoteksyon e yo pral gen menm efikasite avèk vaksen grip pandan sezon lagrip la.
- Yo pap anpeche maladi ki « tankou grip » ke lòt viris koze.
- Yo pap anpeche grip pandan sezon lagrip la. *Si w vle pwoteje tèt ou kont grip pandan sezon lagrip la, ou dwe pran vaksen kont grip pandan sezon lagrip la tou.*

Yo espere vaksen a-viris vivan, atenye ke yo mete nan nen (oswa LAIV, nan lang angle) nan nen an. Feyè sa a bay deskripsyon vaksen a-viris vivan, atenye yo mete nan nen.

Yon vaksen a-viris inaktive disponib tou, e yo bay li sou fòm piki. Yo bay deskripsyon l nan yon feyè apa.

LAIV H1N1 2009 la pa gen thimerosal oswa lòt prezè-vatif ladan l. Li gen lisans pou yo administre l bay moun ki gen ant 2 zan ak 49 an.

Viris vaksen an atenye (sètadi, li febli) defason pou l pa koze maladi.

## 4 Ki moun ki pou pran vaksen kont grip H1N1 2009 la epi ki lè pou yo pran l ?

### KI MOUN

Yo apwouve LAIV pou moun ki gen ant 2 zan ak 49 an, ki pa ansent e ki pa gen sèten pwoblèm sante (gade nan nimewo 5 pi ba a). Gwoup yo rekòmande ki pou resevwa LAIV H1N1 2009 la anpremye se moun ki ansante, ki :

- gen ant 2 zan ak 24 an,
- gen ant 25 an ak 49 an e
  - k ap viv avèk oswa k ap okipe timoun piti ki gen mwenske 6 mwa, oswa
  - moun ki se anplwaye nan domèn swen sante oswa nan domèn ijans medikal.

Oframezi gen plis vaksen ki vin disponib, se pou lòt moun ki ansante yo e ki gen ant 25 an ak 49 an al vaksinen.

Remak : Byenke gen sèten gwoup ki pa dwe pran LAIV – pa egzanp fanm ansent, moun ki gen pwoblèm sante ki dire lontan, ak timoun ki gen ant 6 mwa ak 2 zan – li enpòtan pou moun sa yo vaksinen. Se pou yo pran vaksen kont grip la.

Gouvènman federal la ap bay vaksen sa a ba moun ki vle pran l volontèman. Sepandan, lalwa leta oswa anplwayè yo ka egzije pou sèten moun vaksinen.

### KI LÈ

Pran vaksen an kou li disponib.

Timoun ki gen jiska 9 an dwe pran de dòz vaksen an, apeprè sou yon entèval 1 mwa ant dòz yo. Timoun ki pi gran ak granmoun yo bezwen yon dòz sèlman.

**5****Gen sèten moun ki pa dwe pran vaksen an oswa ki sipoze tann**

Ou pa dwe pran LAIV H1N1 2009 la si w fè yon **alèji grav (ki ka mete lavi w andanje)** a ze, oswa si w fè alèji a nenpòt lòt sibstans ki nan vaksen an. *Fè moun k ap ba w vaksen an konnen si w fè nenpòt alèji ki grav.*

Moun suivan yo pa dwe pran LAIV H1N1 2009 la :

- timoun ki gen mwenske 2 zan ak granmoun ki gen 50 an oswa ki pi gran
- fanm ansent
- nenpòt moun ki gen yon sistèm iminitè ki fèb,
- nenpòt moun k ap soufri ak pwoblèm sante depi lontan; pwoblèm sante tankou:
  - maladi kè - maladi ren oswa maladi fwa
  - maladi poumon - maladi metabolik tankou dyabèt (ki fè sik)
  - las - anemi ak lòt twoub sangan
- timoun ki gen mwenske 5 an ki gen las oswa ki te gen ral yon fwa oswa plizyè fwa pandan ane ki sot pase a,
- nenpòt moun ki gen maladi nan misk oswa nan nè (tankou paralizi nan sèvo) ki ka koze pwoblèm nan respirasyon oswa pwoblèm pou vale,
- nenpòt moun ki pran kontak sere ak yon moun ki gen yon sistèm iminitè ki febli anpil (ki nesite swen nan yon anviwònman pwoteje, pa egzanp nan yon inite transplantasyon mwèl zo),
- timoun oswa adolesan kap suiv tretman aspirin alontèm.

Si w gen yon maladi ki pa twò grav oswa ou malad grav, yo ka konseye w pou w tann jiskaske w refè anvan w pran vaksen an. Si w gen yon grip ki pa fò sou ou oswa w gen lòt maladi, jeneralman pa gen nesite pou tann.

Fè doktè w la konnen si w te janm genyen:

- yon reyaksyon alèjik ki te menase lavi w apre yon dòz vaksen grip pandan sezon lagrip la,
- sendwòm Guillain-Barré (yon maladi paralizi grav ke yo rele tou GBS).

Rezon sa yo pa sipoze rezon ki pou anpeche w pran vaksen an, sepandan pèsònèl medikal la ka ede w deside.

Yo ka bay LAIV H1N1 2009 la anmenmtan ak pifò nan lòt vaksen yo. Fè doktè w la konnen si w te pran nenpòt lòt vaksen pandan mwa ki sot pase a oswa si w gen entansyon pran nenpòt vaksen nan pwochen mwa k ap vini a. Yo pa dwe administre LAIV H1N1 an anmenmtan ak LAIV sezonnye a.

**6****Ki risk ki asosye avèk LAIV H1N1 2009 la ?**

Yon vaksen, menm jan ak nenpòt medikaman, gen posibilite pou l koze pwoblèm ki grav, tankou yon reyaksyon alèjik ki grav. Men chans ki genyen pou nenpòt vaksen koze gwo domaj, oswa menm lanmò, piti anpil.

Yo prevwa ke risk ki genyen nan LAIV H1N1 2009 la menm ak sa ki genyen nan LAIV sezonnye a :

**Pwoblèm ki pa grav :**

- Gen kèk timoun ak adolesan ki gen ant 2 zan ak 17 an ki rapòte reyaksyon ki pa grav, tankou :
- nen k ap koule, konjesyon nan nen, oswa tous
  - lafyèv
  - maltèt ak doulè nan misk
  - ral
  - doulè nan vant oswa vomisman oswa dyare ki rive detanzantan

Timoun ki gen jiska 9 an dwe pran de dòz vaksen an, apeprè sou yon entèval 1 mwa ant dòz yo. Timoun ki pi gran ak granmoun yo bezwen yon dòz sèlman:

- nen k ap koule oswa konjesyon nan nen
- malgò
- tous, frison, fatig/feblès
- maltèt

**Pwoblèm ki grav :**

- reyaksyon alèjik ki ka mete lavi andanje rive raman. Si yo prezante, sa rive jeneralman apre kèlke minit oswa kèlke zè apre yo pran vaksen an.
- An 1976, te gen yon tip vaksen a-viris inaktive kont grip pòsin lan ki te asosye ak ka kote moun te gen Sendwòm Guillain-Barré (GBS). Yo pa asosye LAIV avèk GBS.

**7****E si gen yon reyaksyon grav ki prezante ?****Ki sentòm pou m siveye ?**

Nenpòt kondisyon ki pa nòmal, tankou gwo lafyèv oswa chanjman nan konpòtman. Sentòm sa yo bay endikasyon ke gen yon reyaksyon alèjik ki grav : difikilte pou respire, vwa ki anwe oswa ral, itikè (bousòl), po ki vin pal, feblès, kè kap bat vit oswa toudisman (tèt vire).

**Kisa pou m fè ?**

- **Rele** yon doktè, oswa mennen moun nan kay doktè touswit.
- **Di** doktè a sak pase, dat ak lè l rive a, epi ki lè yo te bay vaksen an.
- **Mande** moun ki ba w swen sante a pou l ranpli yon fòmilè Sistèm Rapò pou Reyaksyon Kontrè Vaksen (Vaccine Adverse Event Reporting System : VAERS), pou l sa rapòte reyaksyon an. Oswa ou ka soumèt rapò sa a atravè sit entènèt VAERS la nan [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov), oswa lè w rele nan **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

**8****Dedomajman pou domaj vaksen an koze**

Si oumenm oswa pitit ou nou gen yon reyaksyon a vaksen an, selon lalwa, ou limite nan kapasite w genyen pou pran aksyon legal. Sepandan, yo kreye yon pwogram federal pou ede peye pou swen medikal ak lòt depans espesifik ke sèten moun fè poutèt yo te gen yon reyaksyon grav a vaksen sa a. Si w bezwen plis enfòmasyon sou pwogram sa a, rele nan **1-888-275-4772** oswa vizite sit entènèt pwogram lan nan :

[www.hrsa.gov/countermeasurescomp/default.htm](http://www.hrsa.gov/countermeasurescomp/default.htm).

**9****Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon ?**

- Mande moun ki ba w swen medikal la. Yo ka ba w feyè pou pakè vaksen an oswa yo ka sigjere lòt sous enfòmasyon.
- Rele departman sante lokal oswa leta a.
- Kontakte Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention : CDC) :
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Vizite sit entènèt CDC a nan [www.cdc.gov/h1n1flu](http://www.cdc.gov/h1n1flu) oswa [www.cdc.gov/flu](http://www.cdc.gov/flu)
  - Vizite sit entènèt la nan [www.flu.gov](http://www.flu.gov) [www.flu.gov](http://www.flu.gov)



DEPATMAN SANTE AK SÈVIS IMEN  
(DEPARTMENT OF HEALTH AND HUMAN SERVICES)  
SANT POU KONTWÒL AK PREVANSYON MALADI  
(CENTERS FOR DISEASE CONTROL AND PREVENTION)



Rapò sou Enfòmasyon Vaksen  
LAIV H1N1 2009 - Haitian Creole 10/2/09

Translation provided by NYC Dept. of Education  
and NYC Dept. of Health and Mental Hygiene.